ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№64 (22.972) • 2015 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 8, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІУЭКІУЭ Юрий: Бизнес цІыкІумрэ курытымрэ хэтхэм я хуитыныгъэхэр хъумэн хуейщ

Урысейм и Президент Путин Владимир дыгъуасэ Кремлым щригъэкІуэкІащ Къэрал советым и зэлуцІэ, бизнес цІыкІумрэ курытымрэ зегъэужьыным теухуауэ. ЗэлуцІэм хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий

Къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу зэхуэсым къышагъэлъэгъуащ бизнес цІыкІум къэралым зэрызыщІигъакъуэр егъэфІэкІуэныр, хьэрычэтыщІэхэр щІыхуэ хуэныкъуэ щыхъум деж аэрэ хьыІахьныкмкІэ Іэмал нэхъыбэ ягъуэтныр. Іэнатіэхэр лэжьакІуэкІэ къызэгъэпэщыным, налог, правовой Іуэхуэхэм, абы лэжьыгъэ зэхущытыкІэхэри хьыхьу, зэкІэлъыгъэкІуэным, къэпщытакІуэ-кІэлъыплъакІуэ органхэм я къалэнхэр ягъэззэщІэным пыщІа гугъуехьхэр дэгъэкІыныр.

КЪЭРАЛЫМ, властым я сыт хуэдэ къудамэми яхуэзэфІэкІ псори ялэжьын хуейщ, - къыхигъэщащ Урысейм и Президентым, - бизнес Іуэху егъэкІуэкІыным цІыхухэр драгъэхьэхын, абы дэтхэнэри хьыхьфын хуэдэу Іуэхуэр зэтеухуэн, уеблэмэ абы уэхтыным цІыхум и пщІэр иІэту хьун щхьэкІэ. ХьэрычэтыщІэ псоми зэхуэдэ щытыкІэхэр къыхуэзэрагъэпэщын, зэрылажьэ хабзэхэмрэ законхэмрэ лъабжьэ быдэм тету икІи гурыуэгъуэу щытын щхьэкІэ, зэхьэзэхуэр зэІухауэ икІи пэжу ирагъэкІуэкІын, лэжьэнум зыри зэран хуэмыхъуу, «къыщхьэщыжьын» мурадкІэ къакІэрымыхъыжьэІауэ, Іулъхьэ ятыным ирамыхулІэу щытын хуэдэу. Бизнес цІыкІумрэ курытымрэ заужьын папщІэ нэхъыщхьэр Урысейм и дэтхэнэ щІыналъэми, дэтхэнэ муниципалитетми а лэжьыгъэм хуэщІа щытыкІэ къыщыззэгъэпэщынырщ.

Иджыпсту нэхъыщхьэр, тригъэчыныхьащ къэралым и УнафэщІым, цІыкІухэм хуитыныгъэ ятынырщ, езыхэм я зэфІэкІкІыр къагъэлъэгъуэнымкІэ яІэмал яІэнырщ, я гъащІэр зэрыхуейм хуэдэу зэтрауухуэным, ящхьэ ягъэнсеужьным, къэралми сэбэп хуэхъуным хуэунэтІа я жэрдэмхэр ядэІыгъынырщ. ХьэрычэтыщІэр зи чэзу къэпщытакІуэхэр къытеуэным зэпымыууэ егупсысу щытын хуейкъым, ар иригъэзвэн хуейкъым и сытхуэдэ Іуэхуми щыуагъэ гуэр къыхагъуатэу абы къуэды къытралъхьэным е жэуап тКІийм ирашэлэным.

Къэралым и Президентым жиІахэм ятещІыхьауэ республикэм къыпэщыт къалэнхэм я гугъу щищІым, КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщхьэхуКІащ щІыналъэм хьэрычэт Іуэху щыдагъэкІын папщІэ щытыкІэ тэмэм къыщызэгъэпэщыным нэхъри егугъупхъэу къызэрилъытэр.

Республикэм и щІыналъэм къыщызэрагъэпэщ экономикэ щІыпІэ хэхауэ тІу - ахэр турист-рекреацэ, промышленно-производственнэ Іэнатіэхэрщ. Абыхэм зи мылъку къыхэзыльхьэну инвесторхэм экономикэ щытыкІэ хэхахэр хуагъэльэгъуэнущ, зэрыхудачых юридическэ статусхэр яІэнущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм къэнгъэуващ хьэрычэт Іэнатіэ цІыкІумрэ курытымрэ зэтхэм я хуитыныгъэхэр текІ мин Іэу хъумэнри къыззрагъэпэщын хуейуэ, хабзэм тету лажьэ бизнесым сыт и лъэныкъуэкІи зыщІагъэкъуэну, а Іэнатіэхэм лъахъэ яхуэхъуныр къэбГэхъэункІэ Іэмал зэримыІэм гулъытэ хэха игъуэтыпхъэу.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Я узыншагъэм кІэлъыплъыну къыхураджэ

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ «Узыншагъэр хъумэ!» фІэщыгъэр зиІэ Іуэху щхьэпэ. Узыншагъэр хъумэным и дунейпсо махуэм республикэм и медицинэ лэжьакІуэхэм Налшык къалэ и Дубки хьэблэм ЩІыхьым и утым деж жыгыщІэ цІыкІухэр щыхасащ. Апхуэдэ Іуэхуэр трауХуащ мы Гу-лъынтхуэ узыфэхэм япэщІэтыным и илъэсу зэрагъэувам.

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ - узыншагъэр хъумэнымкІэ министр **Шэт Ирмэ**, республикэм и Парламентым социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкІэ и комитетым и унафэщІ **Бгъэжьнокъуэ Зурият**, КъБАССР-м щІыхь зиІэ и дохутыр **Бер Мухьэдин**, Кардиологие центрым и дохутыр нэхъыщхьэ **Щэрдан Нодар**, Лъынтхуэ узыфэхэм щІэзэ щІыналъэ центрым и нэхъыщхьэ **Къуэжей Заур**, медицинэ Іуэхущ Іапі эхэм я унафэщІхэр, «Призвание» медицинэ колледжым и студентхэр.

- УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкІэ мы гъэр Гу-лъынтхуэ узыфэхэм ебэныным и илъэсу зэрагъэувам псори фыщыгъуазэщ, - жиІащ зэІуІщІэ къыщыдзэІуихым Шэт Ирмэ. - Нобэрей Іуэхуэр абы хуэгъэпсауэ зэхэтшащ. Урысейм и цІыхухэм къайуалІэ узыфэхэмкІэ бжьыпэр зыІыгыр гу-лъынтхуэ узыфэхэрщ. Иджы ягъу ди республикэм гу-лъынтхуэ узыфэхэм игъэсымаджэхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ тщІын тхуэзфІэкІащ. Ар я фІыщІэщ гурэ псэкІэ зи Іэнатіэм пэрыт кардиологхэм, неврологхэм, реаниматологхэм, апхуэдэуи гу-лъынтхуэ узыфэхэм илыкІхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ щІыным хуэунэтІа федеральнэ программэр жыджэру зэрыдгъэзащІэм. «Узыншагъэр хъумэ!» Іуэху щхьэпэр УФ-м и хэгъэгу псоми нобэ щокІуэкІ, къищынэмыщІауэ, ди республикэм и районхэми «Узыншагъэм и аллее» къыщыззрагъэпэщынущ. А Іуэхугъуэ псори зыхуэунэтІар цІыхухэм я узыншагъэм гулъытэ хуегъэщынырщ, и чэзум дохутырым зыхуагъэззэным къыхуеджэнырщ.

ЦІыхум и узыншагъэр щІэх-щІэхыурэ къыщыштэным, хилыбгэтІасэу дохутырыр зригъэІэззэным и мыхьэнэм, узыфэм пэщІэтынымкІэ ищІапхъэхэм и гугъу ящІу, зыхуэсакъыжьыну къыхурадджэу къэпсэлъахэщ. Щэрдан Нодар, Къуэжей Заур, Бер Мухьэдин сымэ.

ЖыгыщІэхэр хасэным и пэ къихуэу, Олимп чемпион, КъБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Къардэн Мурат** гъащІэ узынщэм и лъабжьэр спортырауэ зэрыщытыр къыхигъэщри, республикэм и спортсмен цІэрыІуэ гуп и Гъусэу, къызэхуэсахэм я Іэпхъалъэпкъым зригъэуукъуэдищ.

Абы иужькІэ медицинэ лэжьакІуэхэмрэ студентхэм зэгъэусу ЩІыхьым и утым къеГэщІыпІа щІыІэнэщІым жыгыщІэ цІыкІухэр щыхасащ, апхуэдэ щІыкІэкІи абдеж ЩІыщыпэхуащ «узыншагъэм и аллеер».

ЩІыхьым и утым деж щытащ экспресс-диагностикэмкІэ пунктхэр, ягъэІэпхъуэ диагностикэ модуль. Зэхьэхьэм къэкІуэлІа дэтхэнэ зыми Іэмал иІащ и узыншагъэр зыхуэдэр къриГэпщытэну.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ХадэщІэхэр хасэ

• Прохладнэ щІынатъэ

Къэралыр и щІэгъэкъуэну, «Іуащхьэмахуэ и жыг хадэхэр» ООО-м илъэс куэдкІэ къызэпыкІэ балийкэр мы гъатхэм гектар 300-м щыхисэнущ. Абы папщІэ, пасэу зызыужь, Италием къыщагъэкІ гъэІэпхъуэн лІэужьыгъуэхэр - Сербием къыщащхьэхущ. Гектарым жыг 1500-рэхуэзэу, мэлыжьыхьым и ятп махуипщІым кърибыдэу ахэр хасэнущ. Ар щыжаІащ КъБР-м и вице-премьер - мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр Дадэ МуІзед хэту Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм деж щыІэ коллегием иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зэлуцІэм.

АПХУЭДЭУ балийм щелэжьыну, ар щагъэщтыну, сок къыщыхащІыкІыну цехэр яухуэну я мурадщ. Абыхэм цІыху 50-м зэпымыууэ, 100-м пІалъэкІэ Іэнатіэ щагъуэтынущ.

Мы гъэм Прохладнэ районым бжьыхьэсэ къэкІыгъэхэр гектар мин 30-м нэблагъэм щызэрахьэ. Абы щыщу гектар мин 22,4-р гуэдзщ, гектар мини 6,8-р хьэщ, гектар мин 0,7-р гуэдзрэ хьэпцІийрэ зэхэту къагъэхъуа тритикале къэкІыгъэ лІэужьыгъуэщІэщ, гектар мин 1,9-р бжьыхьэсэ рапсщ, гектар мин 0,6-р Іусыпхъэ къэкІыгъэщ. Гектар мин 55,5-р щІыІэрысу яващ. Ар нэгъабэ елъытауэ гектар мини 7,5-кІэ нэхъыбэщ.

Гъатхэпэм и 30-м ирихьалІэу къэкІыгъэ пасэхэр гектар мини 5,2-м (процент 17,2-м), кІэртІофыр гектар мин 0,2-м (процентти 7,6-м), хадэхэкІэр гектар мин 0,3-м (процентти 10,7-м), зы илъэскІэ къэкІ удэхэр гектар мин 0,8-м (процент 35-м) щыхасащ. Зэрыщыту гъатхэ - губгъуэ лэжьыгъэхэр накъыигъэм и 15-м яухыну я мурадщ.

Мэкъумэш щІапІэхэр фейдэ пылъу къызэрыгъэсэбэпыпхъэм пыща Іуэхугъуэхэр щызэпкърахьым, Дадэ МуІзед къыхигъэщащ Прохладнэ районыр республикэм и гъавэзэкІ нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Вице-премьерыр къытеувыІащ къэрал дэІэпыкъуныгъэхэр зыхуэдэм, ахэр зытещІыхьам. Къапщтэмэ, жылапхъэфІэхэр къэгъэкІыным, илъэс куэдкІэ къызыпыкІэ жыг хадэхэр, жызумейхэр хэсэным, зекъэным, кредитым щхьэщытыкІэхэм щыщІ яхуэтыжьыным ахъшэ хухахынущ.

- Мылъкум и япэ Іыхьэр - кърахьалІэр зыхуэдизым емылъытаэу, хабзэщІэм тету къэралым зэрызащІигъакъуэ субсидиехэр республикэм и мэкъумэшыщІэхэм къыхуаутІыпщащ. Абыхэм ящыщу сом мелуан 32,5-рэ Прохладнэ районым и гъавэзэкІхэм хухахащ, - къигъэльэгъуащ Дадэ МуІзед.

ЛУТІ Маринэ.

• Бахъсэн щІынатъэ

Гугъапіэ щыІэщ

Зеикъуэ къуажэм щыпсэуухэр псы зэфэнрэ къагъэсэбэпынкІэ гугъуехь щхьэхуэхэм ирохьэлІэ. Псыр зэбгрызытыкІ зыуэ щыт системэм къуажэдэсхэм я процент 33-м ар ритыфу аращ.

АБы КЪЫХЭКІЫУ псыр хьэблэхэм пІалъэ пыухыкІам тету хуаутІыпщын хуей мэхъу. Ар къызыхаш псынэхэр, гъэм и зэманхэм ятепщІыхьмэ, нэхъ мащІэ щыхъуи щыІэщи, апхуэдэхэм деж льагаПэм щыпсэу унагъуэхэм Іэрагъэхьэфыркъым.

Къуажэ администрацэм и унафэщІ Къэрмокъуэ Гъымар и псалъэмакъым къызэрыхигъэщамкІэ, Зеикъуэ къуажэм и Іэгъуэблагъэхэм псы къыщІэшыпІэ иІэкъым. Араща щыхуэхэм яхуриКъунуэ хуэдиз нобэкІэ щІалъэмыІэсыр. Апхуэдэ щытыкІэм жьлэр зэритрэ илъэс 30-м щІегъу.

«Гидро» ООО-м игъэхьэзыращ щыху мин 12 зыдэс къуажэм дэІэпыкъуным хуэунэтІа проект. Абы къызэрыщыгъэпэсагъэуамкІэ, ар къыхашынущ Гундэлэн псым и ижьырабгъу лъэныкъуэмкІэ иІэ псы зэхуэхьэсыпІэм. Проектым ипкъ иткІэ километри 3,5-кІэ бжьамийхэр щІалъхьа нэужьщ Зеикъуэр псы зэфэнымкІэ тэмэму къызэгъэпэща щыхъунур. Къуажэ унафэщІхэми жылагъуэдэсхэми къахуэнэр а лэжьыгъэхэр зэфІэкІыху пэплъэныщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

• Электросетхэр

Тэмэму яІэрохьэ

«Къэбдалъкъкоммунэнерго» МУП-м Налшык къалэ округым хыхьэ Хьэсэней поселкэм Ислъам, Къэрэшей цІэхэр зезыхьэ и уэрамхэм къызэрыгуэкІ кІапсэжьхэр фэ зытелъым хуэдэкІэ метр 800-м щихъуэжащ гъатхэпэ мазэм. Токыр зэрымащІэм, щІэх-щІэхыурэ зэрызэпыум хьэблэщІэм щыпсэуухэр игъэтхьэсыхэрти, иджы ар тэмэму яІэрохьэнущ. КъищынэмыщІауэ, Профсоюз уэрамми кІапсэу метр 300 щызэрахьэуэкІащ.

НАЛШЫК Толстоим, Кировым я цІэхэр зезыхьэ, Эльбрус уэрамхэм Іуэхущ Іапі эм и къарукІэ жыгхэр щаухъуэнщащ. Абы электрокІапсэхэр къызэрагъэсэбэп щыкІэр иригъэфІэкІуэнущ, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэм деж токыр зэрыІуач пІалъэр игъэмэщІэнущ.

АНЗОР Олег,

«Къэбдалъкъкоммунэнерго» МУП-м и пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ.

Гъунапкъэм нэхъри къыщІекІуэталІэр сыт?

Польшэм Урысей Федерацэм и гъунапкъэм деж щигъэувынущ а щІыпІэм щекІуэкІхэм зэрыкІэлъыплъыну чэщанхэр.

Лэжьыгъэхэм щІадзэну я мурадщ гъэмахуэр къимыхьэ щыкІэ. А чэщанхэм жэщми махуэми лэжьэну камерэхэр тетынущ, абыхэм ятхэр гъунапкъэхъумэхэм занщІэу яІэрыхьэу зэтраухуэнущ.

ЗыгилъыхьыпІэхэм я льагагъэр метр 35-м къыщыщІэдзауэ метр щэ ныкъуэм нэсу щытынуц. Ахэр гъунапкъэм деКІуэкІыу, зэрыгъэзэпэщынымкІэ, зэхуэдизу яГъэувынущ.

Мы проектым арэзы техъуащ Европэ зэгухьэныгъэр. Чэщанэхэр ухуэным, ахэр зыхуэИ иджырей Іэмыпсымэ лъэщхэмкІэ къызэгъэпэщынымкІэ текІуэдэну мылъкум и нэхъыбапІэри къезытынур ЕС-рщ.

А псом щыгъуазэ хуэдизу ягъэувынущ.

• Цыджанхэм я дунейпсо махуэщ

мыпхуэдэу уогупсыс: «Къэралитым я гъунапкъэхэм кІэпІэплъыныр и закъуэу пІэрэ Польшэм зи Іуэху зэрихуэр?!»

И лъэщагъыр хьэршми щигъэбыдэн мурадкІэ

Китайм и спутникхэм зэрапэщІэтын Іэщэхэр ирагъэфІэкІуэн щхьэусыгъуэ ящІауэ, США-м и унафэщІхэм я мурадщ космосми зауэ хуэІуихуэщІэхэр къыщыдзэрагъэпэщынщ.

Хьэрэшэн щыІэ я аппаратхэр хуэмэным трагъэкІуэдэным доллар мелардитху зэрыхухиихыр жиІащ Америкэм и Правительствэм.

«Ар щхьэусыгъуэ къудейуэ ара, сыту жыІэмэ Китайм апхуэдэ щынагъуэ лъэпкъ къыпкъырыкІыр-къым. Апхуэдэ бзаджэгъэмкІэ «щІауфауэ» я лъэщагъыр хьэршми щагъэбыдэну, нэхъ тэмэму жыпІэмэ абыи зыщыззэщІауэрэ дэну хэту араща американхэм, - жаІэ абы теухуауэ экспертхэм. - Адрей къэралхэр и жыІэм щІигъэтын, зыщигъэшынэн Іэмалу ари къиГэзэбэпын хьисэпщ США-м иІэр. ЩІыхь зэнкъуэкъуэу щекІуэкІыр фІэмащІэу, иджы хьэрш зауэми пыхьэну яужь иту щэч уагъэщІ апхуэдэ лъэбакъуэхэм».

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

♦УФ-м и Дзэ комиссариатхэм я лэжьакІуэхэм я мазэщІ

♦1918 гъэм **Сихъу Сэфарбий** и усэхэр зэрыт тхыльъ къыдэкІащ.

♦Адыгэ Республикэм щыщ парт, совет лэжьакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лъхъужь **Чэмокъуэ Аслъэнджэрий** къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Композитор, УФ-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тыкъуэ Къаплъэн** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Адыгеймрэ УФ-мрэ я цІыхубэ суэрэтыщІ, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къат Теувэж** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Футболист щІэрыІуэ, тренер Іэзэ, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, къэралым и чемпион, Совет Союзым и мызакъуэу, дунеим и щІыпІэ куэдми зи цІэр щыІуа **Чивадзе Александр** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦КъБР-м и Жьылагъуэ палатэм хэт **Шэшэн МуІзед** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу къыщеушхынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градуси 6 - 10 щыхъунущ.

Къэбдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм гъатхэпэм и 30-м
№42-УГ

2015 гъэм и гъатхэм цІыхухэр дзэ къуулыкъум гъэкІуэныр къызэгъэпэщынымкІэ лэжьыпхъэхэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1988 - 1997 гъэхэм къаІьхуахэу зи ныбжьыр илъэс 27-рэ иримыкъуахэр икІи запасым щымыІэхэр, «Дзэ къулыкъур ехьэкІынымкІэ къалэнымрэ дзэ къулыкъумрэ я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым ипкъ иткІэ, 2015 гъэм и гъатхэм дзэ къулыкъум гъэкІуэныр къызэгъэпэщын мурадкІэ **унафэ сощІ**:

1. Къэщтэн мы Указым щыгъуэху:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дзэм зыгъакІуэ и комиссэм хэтхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ дзэм зыгъакІуэ я комиссэхэм хэтхэр;

дзэм къулыкъу щащІэн папщІэ 2015 гъэм и гъатхэм ираджэн хуей цІыхухэм я узыншагъэр зыхуэдэр къыщапщытэ, абыхэм ящыщу сымаджэхэр щагъэхъуэ медицинэ Іуэхущ Іапі эхэм я спискэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щІыпІэ самоуправленэм и органхэм чэнджащ гуэн 2015 гъэм и гъатхэм цІыхухэр дзэ къулыкъум гъэкІуэныр республикэм и дзэ комиссариатхэм, къэзэщІакІуэ властым и органхэм, предприятхэм, Іуэхущ Іапі эхэм, организацэхэм ящІыгъуу ягъэува пІалъэхэм къриубыдэу къызэрагъэпэщыну.

3. Къэрал кІуэцІ ІуэхуэмкІэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм чэнджэщ етын командэхэр щрагъажьэ махуэхэм дзэ къулыкъум ягъэкІуэнухэр щызэхуащэ щІыпІэхэм, республикэм и гъущІ гъэту - станцхэм, автовокзалхэм жылагъуэ хабзэр къыщызэрагъэпэщыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым хуэгъэувын цІыхухэр дзэ къулыкъум зэрагъакІуэм теухуа Іуэхуэхэр хэІущІыпІу щІыныр къызэригъэпэщыну.

5. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм гъатхэпэм и 30-м
№42-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэтегъэувэжыныкъэ зэпІэзэрыту ягъэкІуэтэныкъэ я Іуэхуэхэмкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комиссэ къызэгъэпэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэтегъэувэжыныкъэ зэпІэзэрыту ягъэкІуэтэныкъэ пыща Іуэхуэхэм хэплъэн икІи зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр убзыхун мурадкІэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэтегъэувэжыныкъэ зэпІэзэрыту ягъэкІуэтэныкъэ я Іуэхуэхэмкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комиссэ къызэгъэпэщын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэтегъэувэжыныкъэ зэпІэзэрыту ягъэкІуэтэныкъэ я Іуэхуэхэмкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комиссэм теухуа Поленоэр (гуэдзэн №1), а комиссэм хэтхэр (гуэдзэн №2) къэщтэн.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэтегъэувэжыныкъэ зэпІэзэрыту ягъэкІуэтэныкъэ я Іуэхуэхэмкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комиссэм и оперативнэ лэжьакІуэ гупхэр къызэрагъэпэщын икІи а лэжьакІуэ гупхэм хэтхэр къащтэн:

1) экономикэ политикэмкІэ (гуэдзэн №3);

2) финанс политикэмкІэ (гуэдзэн №4);

3) социальнэ политикэмкІэ (гуэдзэн №5).

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэтегъэувэжыныкъэ зэпІэзэрыту ягъэкІуэтэныкъэ я Іуэхуэхэмкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комиссэм хуэгъэувын 2015 гъэм ирагъэкІуэкІыну лэжьыгъэхэм я план зэхилъхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм гъатхэпэм и 26-м
№230-П-П

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Удафэр фэм йокІ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ №42-рп

2015 гъэм мазаем и 2-м *Налшык къалэ*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм ядэлэжьнымрэ лъэпкъхэм я Іуэхухэмкіэ и управленэм и коллегиемкіэ зэхэтэу мы Унафэм щыгъуэм къыщыгъэлъэгъуахэр къэщтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
МУСУКОВ Алий.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм мазаем и 2-м къыдигъэкіа Унафэ №42-рп-мкіэ къащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм ядэлэжьнымрэ лъэпкъхэм я Іуэхухэмкіэ и управленэм и коллегиемкіэ

хэтхэр

КІурашын А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм ядэлэжьнымрэ лъэпкъхэм я Іуэхухэмкіэ и управленэм и унафэщіыр *(коллегием и унафэщіщ)*

Гергоков Дж. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм ядэлэжьнымрэ лъэпкъхэм я Іуэхухэмкіэ и управленэм и унафэщіым и къэдэхэр

Хьэфыщіэ М. М. - къэбэрдей лъэпкъым и «Адыгэ Хасэ» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьамадэр *(зэгурыІуауэ)*

Беппаев С. У. - балъкъэр лъэпкъым и «Алан» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Аланскэ Советым и тхьамадэр *(зэгурыІуауэ)*

Канунников А. Д. - урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я «Вече» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьамадэр *(зэгурыІуауэ)*

Дзасэжь Хь. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муслъымэнхэм я дин Іуэхущіапіэм и тхьамадэр *(зэгурыІуауэ)*

Бобылев В. Н. - Налшык округым щыІэ православнэ члисхэм я благочиннэр *(зэгурыІуауэ)*

Шабаев Л. М. - бгырыс журтхэм я Налшык къалэ дин зэгухьэныгъэм и раввинэр *(зэгурыІуауэ)*

Пащты Б. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэм зегъэужьыныгъэ щыхьэ хъыбарегъащіэ Іуэхущіапіэхэмкіэ и комитетым и унафэщіыр *(зэгурыІуауэ)*

Геккиев С. З. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкіэ, щэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрым и къуэдзэр

Догучаев А. Ю. - Урысей Федерацэм Юстицэмкіэ и министерствэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщіым и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Къуэжей А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал кІуэцІ политикэмкіэ и управленэм и унафэщіыр (зэгурыІуауэ)

Лъеиншэ М. Хъу. - Федеральнэ Іэпхъуэшапхъуэ къулыкъум и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщіыр *(зэгурыІуауэ)*

Ульбашев И. Хъу. - Налшык къалэ округым и щыІэ администрацэм и унафэщіым и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Маслов Н. А. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я Совет» ассоциацэм и унафэщіыр *(зэгурыІуауэ)*

Шыхъуэбахъуэ М. Хь. - Зауэм, лэжьыгъэм, Іащэкіэ Зэщіэуэзда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и советым и тхьамадэр *(зэгурыІуауэ)*

Шинкарёв Н. П. - «Тхыльпэр фІыуэ зыльгъуахэм я обществэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщіыр *(зэгурыІуауэ)*

Щауэ Барэ и гукъэкІыжхэр

Бахъсэн ауэым дэс Зеикъуэ къуажэр щыпІэ дахэщ. И тафэхэмри, и мэзхэми, и бгылъэ щІыпІэхэми удахьэх.

1941 гъэм и мэкъуаэгъуэ мазэт. Хьэрэкъхъэрэ бгыщхъуэм и дыгъафІэр зыуфэбгъуэ мывэ кьэрт абрагъуэхэм зыбгъуэ-чыцэхэр гуэрэнхэу кьащІэуэрт, дунейм и хуабагъым, апхуэдэ дахагъэм дэрэжэгъуэ зрата къуалэбзу цыкІуэхэм я жьгъыру уэрэдэгъэ гуакІуэу кьращырт, кьуажэ гупэмкІэ хъущІуу щежэк Бахъсэн псы уэрым и макъри джэрпэджжьым дэушэрт. Пщэдджкьыхьи, цыхухэр я лэжьыгъэ Іэнатіэм хуэпІащІуу зэблэкІырт. Хэти шэмадж, хэти хьэмфІанэ, гуахьуэ яІыгъыу я Іуэху пэрыхьэрт. Уафэри кьафэзэу дунейм и дахэгъуэти, гум зыщигъэнщІыртэкъым, щхъуантІагъэ куэдым, дыгъэпс гуакІуэм цІыхухэм гукъыдэж кьаритыртэ...

Апхуэдэ дэрэжэгъуэ яІэу, насыпыфІэу псэу кьуажэдэсхэм нэщхьеягъуэ ин кьатехъуауэ - фашист зэрыпхъуакІуэхэр ди кьэралым щэхуу кьыззэрытеуам и хъыбарыр дэнэкіи зыщІэхъэлъэсащ. Дэтхэнэ кьуажэдэсми хуэдэу, ар гуауэ щыхъуащ колхозхэт щІалэ Щауэ Барэ. Ар мэкъумэш бригадэм хэтхэм Іэпыдзлъэпыдз яхуэхъурт, Іэщыхьэхэми ядэІэпыкъурт.

Щалэм мурад бfreйда ещІ цІыхубэм я насыпыр, кьэралым и щхьэхуитныгъэр бийм щихъумэн папщІэ и къуажэ емыблэжьыну. Военкоматыр кьемыджэ щыкІэ Щауэр щІэлъэІуащ Дзэ Пльыжьым къулыкъу щызыщІэхэм хагъэхьэну. Апхуэдэ льэбакъуэ зычыфІэр зи іэпкъыр, хэкур фІы дыдэу зыльгъуу, лІыгъэ кІэ зыхэлъ цІыху пэжырщ. Щауэми кьиІэгъэльэгъуащ хэкупсэу зэрыщытар.

Псалъэкіи тхыгъэкіи кьэІуэтэжыгъуейщ а ильэс ныбжьым зауэлІым и фэм дэкІар, абы гугъуехьу и нэгу щІэкІа псори. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, зы сыхьэти, зы мазэуи, зы жэщи ар мамыру щысакъым, псэу жьхуаІэр ищІакъым. Ерыскъы хуабэ щимыльэгъуэ махуэ дэнэ кьэна, мазэхэр щыІащ. ЩІыпІ щІыпІэм щихьащ зауэ илъэсхэр. Абы тепІэну иІар и сэлэт шинелырщ, и пІащхьагъыр автоматырт. Кьэкіуэтакъым зауэлІыр, си ныбэр ныкъуэщ, сыпІыщІащ е сезэщащ жиІэу. ИлъэсипІым нэскІэ хэтащ ар а мафІэм.

Щауэ Барэ Мышэ и кьуэм кьыкІуа зауэ гъэгъум теухуауэ сыхуэзэу сыщепсэльам, и гукъэкІыжхэм хуабжьу сыдихьхьу сегъэІуащ:

- Дзэ Пльыжьым кьулыкъу щысщІэну щыщІадкІа махуэм зы мафІэгъум дызэгъуэгъэ дисащ ди колхозым и зеновод пашэ Кьалмыкъ Жабагъэ Анзор и кьуэр, мэлыхьуэ пашэу куэдрэ лэжьа Дыкъынэ Мухъэб Сыхьэтджи и куэр. Махуэ зытхух нэхъ дэмыкІыу дэ дыкъыщытхущ Карелием и щым. Дэ дызыхэта 577-нэ фочуэ полкым Хэку зауэшхуэр кьыщыхьея япэ махуэхэм бийм гуащІэу езэуащ, хэщІыныгъэ ини ираитащ. Зауэшхуэр ди текІуэныгъэкІэ ихуныху, ди гупыр Іэнатіэ куэдым Іутащ, лІыгъэм и щапхъэ игъэльагъуэу. Зэи сщымыгупщэжыну си гум кьинащ ди дивизэм и командир полковник Белокурскэр, полкым и командир майор Шикиныр, батальоным, ротэм я унафэщІхэу капитан Хабаровыр, лейтенант нэхъыжь Чевелёв, си пулемётым и етІуанэ наводчикхэу Чоков, Афанасьев, си ныбжьэгъуфІ дыдэ Тканенко Андрей, нэгъуэщІ куэди. Сэ сроугушхэу икІи зэи сщІэупщэркъым си гъуса зауэлІхэм зэрахьа лІыхъужьыгъэр, яхэлъа цІыхугъэ иныр, ныбжьэгъуГэ гуапэр...

Щауэ Барэ зыхэта 577-нэ фочуэуэ полкым зи цІэр фІыкІэ кьыщаІэт зауэлІ пашэхэм езыри ящыщт. 1943 гъэм зэуапІэ Іэнатіэм здыІутым ар партым хагъэхьауэ щытащ.

- 1942 гъэм и щымахуэт, - игу кьегъэкІыж Барэ, - жащыхьэ тІаскъэщІ гупым унафэ кьытхуащІащ бийм щыщ кьэдубыду псэууэ кьэтхьын хуейуэ. Бийм и щІытІ кІапэм дыдэжи жеяя нэмыцэм зытеддзэу дубыдащ, и жьэм хъыдан жьэдэткащ, и Іэхэр зэрыхуькІэ тпхыри кьетльэфэжьащ. Гъэр кьэтщІар лІышхуэт, кьару зыхэлъу кьыщІэкІащ. ДыпІащІэу и Іэхэр зэрытпха кІапсэр зэпитхьащ, зыІыгъа щІалитІыр зэкІэщІидзри щІэпхъуащ. СылъэщІыхьащ, и щІыбым зиздзэри, фашистым и щхьэм кІэрахъуэ тЫгумкІэ сеуащ. Ар щыджалэм си гъусэхэри кьэсащ. Аргуэру и Іэхэр бидзу тпхьжри, полкым кьэтхуащ. Батальоным и зауэлІхэри зэрыщыту командирымрэ штабым и унафэщІымрэ фІыщІэ кьытхуащІат «бэзгур» кьэзыхьахэм. ИужькІи тІасхъащІэх ягъакІуэхэм куэдрэ сыхэтащ. Гукъинэжь сщыхуахэм ящыщщ медсанбатым и майор Жичкинэм фІыщІэ кьысхуищІауэ зэрыщытар. Езым и бгым щІэлъ офицер бгырыпхэр зыщІихри, сэ кьызитауэ щытащ, «си фэеплъу зехьэ» жиІэри.

1944 гъэм, ди дзэхэр щебгъэрыкІуэ зэманым, Карелием и Лоухи щІыпІэм деж фашистыдзэхэм хуабжьу зыкъыщратІат, ауэ я мурадыр кьайхъулІакъым. А зауэм ныкъэжакІахэм ящыщщ пулемётчик Щауэ Барэ. Абы ятригъэлъэлъэ щхэм нэмыцэхэр щым ирагуІат зэкъримыгъэІэту. НэгъэщІ хэкІыпІэ щамыгъэутыжым, бийм и Іэхэр я Іэтуэ гъэру зыкъату щІадзащ. Барэрэ и гъусэхэмрэ Іуэхур хъарзынэу зэфІэкІащ жаІэу, гъэрэку кьыІуахуну яужь иту, зыщІэт мэзым жыгыщхьэм зыщигъэпщкІуауэ фІэса фашистым гранатэр кьридзыхащ. Ар Щауэм пэгъунэгъу дыдэу кьыщыуащ икІи Барэ уІэгъэ куэд кьыптехуэри, сымаджэщым яшат. Петрозаводск кьалэм мазищкІэ кьыщІэІэза иужь, зигъэпсэхуну пІалъэкІэ я унэ кьагъэкІужащ. Лоухи щекІуэкІа зауэм Щауэ Барэ кьыщигъэльэгъуа лІыгъэм теухуауэ а щІыпІэм кьыщы-дыкІ газетым тхыгъэшхуэ кьытрадзауэ тетащ.

Барэ зауэ Іэнатіэм щызэриха лІыгъэм, кьигъэльэгъуа зэфІэкІым папщІэ кьратащ Хэку Зауэ орденым и етІуанэ нагъыщэр, Вагъуэ Пльыжь орденхэр, «ЩІыбэ» медалхэр, фІыщІэ тхыльэ куэд. Ди къэралым и ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 30 щрикъуэм ирихьэлІэу комсомолым и Мурманск обкомым къыбгъэдэкІ хъуэхъу тхыльэ Щауэм кьыхуагъэфэщауэ щытащ.

Щауэм зэи щыгъупщакъым зауэм щигъуэсахэр - псэууэ кьэзыгъэзэжакъри хэкІуэдахэри. Абы и ныбжьэгъуфІт пулеметтгъауэ Такеченко Андрей. Зауэ нэужьым тІуэнейрэ Щауэхэ я унагъуэ лъагъунЫагъу кьахуэкІуащ ар. Барэ тхыгъэкІэ пыщІэныгъэ яхуиІащ я командиру щытахэу Хабаров Пётр, Шапкин Николай, нэгъуэщІхэми.

Зауэ зэманым Щауэр зыхэта зауэлІ гупым я сурэтыр и ныбжьэгъуэхэм кьыхуагъэсхьыжри, кьуажэ курыт школым и щІыхь пхъэбгъуэм фэеплъу иралъхьащ.

Барэ дзэм кьыхэкІыжа иужь, лэжьыгъэ Іэнатіэ зэхуэмыдэхэм пэрытащ, сыт хуэдэ кьалэн дзыхь кьыхуамыщІами, ар хъэлэлу ирихьэкІащ, унафэщІхэми, кьуажэдэсхэми пщІэ кьыхуащІу, фІыуэ кьалъагъуу щытащ. Ар цІыху нэщхъыфІэт, гушыІэрейт, дэтхэнэми и сэбэп иригъэкІыну, зыщІигъэкъуэну хьэзырт. Барэ жаІэртэкъым абы щхьэкІэ, Щауэ Барэт зэреджэр.

Щауэ Барэ кьикІуа гъэугуанэр щІэблэм я деж кІэ щапхъэщ, и фэеплъыр зэи мыкІуэдыжьынщ...

ДЫКЪЫНЭ Хьэмид.

Хьэжмурат и зауэ гъуэгуанэр

«Хэт и гугъэнт зауэм щызгъуэта уІэгъэхэм яужькІэ илъэс 70 кьэзгъэщІэжынну... ЗэрыжаІэмкІэ, зи щхьэ щымысхьыжырщ текІуэныгъэр нэхъ зыхуэщІыр. Зауэ губгъуэм итахэм зыщысхьыжа яхэтхъым. ТекІуэныгъэр кьэтхьащ, совет зауэлІхэр псэемыблэжти», - жеІэ Хэку зауэшхуэм и ветеран, Іуащхьэмахуэ щІыналъэм хыхьэ Терскол кьуажэм и нэхъыжьхэм ящыщщ Бичекуев Хьэжмурат. Ветераным и зауэ гъуэгум кьыпэкІуащ лІыхъужьыгъэ дамыгъэхэр, медалхэр.

БИЧЕКУЕВЫР 1923 гъэм фокІадэм и 10-м Гундэлэн кьуажэм кьащІалъхуащ. 1957 гъэм ар Терскол кьэІэпхъуэуэ щытащ. Хьэжмурат зэрыжиІэмкІэ, а зэманым кьуажэм дэсыр мащІэ дыдэт икІи абы и унагъуэр япэу мыбы кьыдэтІысхьаэм ящыщщ. Аращ ветераныр кьуажэм и нэхъыжьу кьыщІалъытэр.

- Япэ махуэхэм унагъуэр щэтыр дыщІэсын хуей хъуащ, - къеІуэтэж Хьэжмурат, - иужькІэ зиІэ духуащ. ЩІэныгъэмкІэ Урысей академием и физикэмкІэ и институтым прикладной геофизикэмкІэ и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм Іуащхьэмахуэ щІыналъэм щыІэ и экспедицэм и лэжьакІуэ нэхъыжьу сыуващ.

Балъкъэрхэр хэкум кьыщихьэжам щыгъуэ Терскол школ щыІэным теухуауэ Іуэху кьэуват. Хьэжмурат кьыхилъхьащ экспедицэхэм хухаха пэшхэм ящыщ зыр класс ящІыну. Абы щыгъуэ сабий мащІэ дыдэт екІуалІэр школым и егъэджакІуэ закъуэ Матюхинэ Зое и деж.

Зауэр кьыщыхъея илъэсым Бичекуев Хьэжмурат школыр кьиуха кьудейти, ар занщІэу Совет Армэм ираджат. Ейск лъэтэным щыхуагъасэ школым мазиплІкІэ щеджащ, иужькІэ хьэуа-десантыдзэм хыхьащ. 1941 гъэм ар Одессэ ягъэкІуащ, фыбгъэм пэувынухэм яхэту. ИужькІэ взводым и командир хъуащ. Дон Іус Ростов и кьыщыхьэщжакІуэхэм яхэтащ, Сталинград зауэм Іутащ. Ар ящыщщ Борисовэ, Одессэ кьэлэхэр хуит кьэзыщыжьажэм, Дон, Днепр, Днестр, Одер, Эльбэ псыхэм зэпрыкІахэм. ТекІуэныгъэ Иным ІущІащ Магдебург щыІэу.

ЛІыгъэрэ хахуагъэ кьигъэльэгъуам папщІэ Хьэжмурат кьыхуагъэфэщащ Хэку зауэ орденым и етІуанэ нагъыщэу тІу, Невский Александр и орденыр, «Сталинград зэрихъумам папщІэ», «1941-1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэ кьызэрыщытхьам папщІэ» медалхэр.

Ветераныр бынунагъэщхуэщ - хъыджэбзиплІ, пхъурылъхуу плІы, абыхэм я быныжу блы иІэщ. Бичекуевым и унагъуэр, благъэІыхьлъхэр, и кьуажэгъуэр йохъуэхъу иджыри ТекІуэныгъэ Иным и махуэ куэд ІущІну!

БАЖЭ Риммэ.

Москва. Утыку плыжь. *1945 гъэ, накъыгъэм и 9*

Унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу Аруан щІыналъэ ХэхакІуэ комиссэм хэт Стадник Екатеринэ Эдмунд и пхъум и кьалэнхэр щхьэщыхьным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Унафэ

2015 гъэм гъатхэпэм и 31-м *Налшык къалэ* *№111/1-5*

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхыныгъэхэмкІэ яІэ хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкІэ я хуитыныгъэмрэ кьызэрэпэщыныкІэ щэсапІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ Закон №67-ФЗ-м, 2002 гъэм мэкъуаэгъуэм и 12-м кьащтам, и 29-нэ статьям и 8-нэ пунктым и «г» пункт кьуэдзэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м, 2003 гъэм мазаем и 18-м кьащтам, и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №01-РЗ-м, 2003 гъэм щІышылэм и 8-м кьащтам, и 4-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэм и «г» пунктым япкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу Аруан щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хэт Стадник Екатеринэ Эдмунд и пхъум, Урысейм и Либерально-демократие партым - ЛДПР-м и щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм щІыналъэ щІыналъэ щІыналъэ

Щыху щыІэхукІэ, уэ сыпхуейщ - си Хэку лъапІэу Къэбэрдей! 90

Щоджэнцыкіу Нурий Хъызыр и къуэр

Бахьсэн районым щыщ Старэ Крепость (Кушмэзыкъуей) къуажэм 1924 гъэм щэкІуэгъуэм и 7-м къыщалъхуащ. 1939 гъэм къуажэ илъэсибл школыр къиухащ, а гъэ дыдэми Налшык дэт педучилищэм ещанэкІуэ макІуэ, ауэ ар къимыуж щыкІэ егъэджакІуэ лэжьыгъэм пэроувэ. 1945 гъэм Нурий щІотІыкъхэ Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым егъэджакІуэхэр щагъэхьэзыр и къудамэм. Ар къиуха нэужь, школым егъэджакІуэу егъэзэж.

Щоджэнцыкіу Нурий Іэнатіэ зэхуэмыдэхэм пэрытащ. Ар илъэс куэдкІэ щылажьащ адыгэбзэкІэ къыдэкІ газетым и редакцэм («Къэбэрдей пэж», «Ленин гъэзэг»), Къэбэрдей-Балъкъэр радиокомитетым и редактору, абы и унафэщІым и къуэдзэу.

Щоджэнцыкіу пасэу тхэн щІидзащ. Абы и ятІонэрэ усэхэр газетхэм къытехуэу щыщІидзам ар къуажэ школым щІэст. ИужькІэ абы и усэхэр къытрадзэ ди республикэм къыщыдэкІ газетхэмрэ журналхэмрэ. Щоджэнцыкіу Нурий 1958 гъэм Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьащ.

ЗэрыусакІуэм къыдэкІуэу, Щоджэнцыкіу зэдзэкІакІуэуи щытащ. Абы адыгэбзэкІэ зэридзэкІащ урыс, украин, балъкъэр лъэпкъхэм я тхакІуэ щхьэхуэхэм я тхыгъэ нэхъыфІхэр. Къыжьіапхъэщ, Щоджэнцыкіу Нурий и усэ зыбжанэм композиторхэм макъамэ зэрыщІалъхьар. УсакІуэм и машІэкъым нэгъуэщІыбзэкІэ зэрадзэкІа усэхэри.

Щоджэнцыкіу Нурий и тхыгъэхэм ящыщ куэдыр ди Хэкум, къыщалъхуа щыпІэм, ди цІыхухэм я ІуэхущІафэхэм, гъащІэм къыщыхъу зэхъуэкІыныгъэхэм, дунейм и къэхъуэкъащІэхэм, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми теухуащ.

ФІыщІэ жыг

СощІэж, дыщыцІыкІум дыдихьэхыу дедаІуэрт нэхъыжьхэм зэпадзыжурэ жаІэ уэрэд нэхъыфІхэм ящыщ гуэрым. Япэрауэ, абы гумрэ псэмрэ къыдыхьэ макъамэ дахэ щІэлът, тхьэкІумэ къудейкІэ мыхъуу, псэкІи дызэдаІуэ уэрэд нэхъыфІхэм ящыщу къэтэлытэрт. Абы зэрэджэр «Сыныпхуокъжт», «Мэлыхьъуэ уэрэд» жызыІэхэри щыІэт, ауэ абы и псалъэхэри, макъамэри зытхар хэтми тщІэртэкъым. Уэрэдыр жызыІэхэмкІи, абы едаІуэхэмкІи нэхъыщхьэр ар щыхубэм фІыуэ зэралъагъурат, нэхъыбэ дыдэрэ жаІэхэм зэращыщырт.

ЗЫКЪЭЗУМЫСЫЖЬНЩІ, а уэрэд цІэрыІуэр зи кьалэмыпэм къыщІэкІар зэрыщІэдзыкІу Нурийр сэри къыщысщІар 1955 гъэращ. А гъэм къыдэкІат Нурий «Усэхэр» зыфІищ и ялэ тхылъыр. Ауэ сы-зытепсэлъыхь мы уэрэдыр дунейм кьы-зэрытекьэрэ абы щыгъуэ илъэс пщыкІуэ хъуакІэт. Зыгуэрым щыщытхъунум деж «А зым фІэкІ имыщІами, абы лъэпкъым и фІыщІэ жыг хуэфащэт», хужаІэ хабзэщ. Мис апхуэдэ фІыщІэ жыг зи гугъу сщІа и уэрэд цІэрыІуэмкІи къилэжьакъэ-тІэ Щоджэнцыкіу Нурий! А уэрэдыр гъаз хуэхъуэу къэпІытэхъунущ илъэс щэныкъуэм щІигъукІэ ди лъэпкъ литературэмрэ журналистикэмрэ гурэ псэкІэ яхуэлэжьа Щоджэнцыкіу Нурий.

Нурий 1924 гъэм къыщалъхуащ Старэ Крепостк1э зэджу щыта Кушмэзыкъуей адыгэ къуажэжьым. Бахьсэн бжьэпэр Алыхьыр зыхуэупсасэм ящыщт: щІэныгъэм, щэнхабзэм ехьэлІауэ а лъахэ жумартым дызэригъэгуфІа псом ящхьэщ адыгэ литературэм и набдзэ Щоджэнцыкіу Алий. НэхъыжьыфІхэм хаша лъагъуэм ирикІуащ Нурий. Ари ящыщщ пасэу щэнхабзэм зезыпщытахэм - абы тхэн щІидзащ школым щыщІэса илъэсхэм. Школ нэужьым Нурий педучилищэм щеджащ. Абы иужькІэ и кІуахэм игъэзэжри, егъэджакІуэу лажьащ. Хэку зауэшхэр къэхъеи нэужь, Щоджэнцыкіу дзэм ираджэ. Ар Ордженикидзе къалэм яшэри, лъэсыдзэхэр щагъэхьэзыр училищэм щІагъэтІысхьэ. МазищкІэ абы щеджа нэужь, сэлэтхэр щхьэж здаІэзнур яубэыху. А лъэхъуэнэм Нурий сымаджэ хьэлъэ мэхъури, уІэгъэщІэм щІагъэгъуалъхьэ. НэхъыфІ зэрыхъуажу аргуэру дзэм хагъэхьэж, арщхьакІэ, зауэ Іэнатіэм Іупщэн хуэдэу узынщагъэ иІэжтэкъыми, адэкІэ унэм зыщыгъэхъуэ, итІанэ деплъынщ жаІэри кІаутІыпщыж. Ар зыхуэзэр 1943 гъэм и мэлыжьыхь мазэрат. Зэманыр хьэлъэт, умылажьэу псэугъуэйти, и узынщагъэр зэфІэмыувэжьапами, Нурий школым егъэзэж - цІыкІухэр зауэ хуэІухуэщІэхэм хурегъаджэ.

ТІэкІу нэхъыфІ сыхъужащ щыжиІэм, Щоджэнцыкіу военкоматым йокІуалІэ. Зауэ Іэнатіэм зрегъкІуэным и пІэкІэ, абы къыжраІэ: «Абы фІэкІа узынщагъэ уимыІэу а уэздзгъэкІуэнум щыпщІэнум нэхърэ школым щІэсхэр зауэ хуэІухуэщІэхэм хуегъаджи нэхъыфІщ. Ари Іэжу цІыкІуськъым» ...

Арати, школым егъэзэж. Щэныгъэр къызэремэщІэкІыр ящІэжьыри, абы еджану мурад ещІ икІи пединститутым щІотІысхьэ. ЕгъаджакІуэ Іэщ1агъэм щыхуагъэхьэзыр къудамэм щоджэри, я къуажэм егъэзэж икІи тхыдэмкІэ, адыгэбзэмрэ литературэмкІэ иригаджэу школым щолажьэ. Апхуэдэу екІуэкІыурэ, Щоджэнцыкіур 1949 гъэм Налшык къашэ. Ар ятІащІкІэ щолажьэ радиом, итІанэ - КПСС-м и обкомым пропагандэмрэ агитацэмкІэ и къудамэм. 1955 гъэм Нурий Москва еджакІуэ ягъакІуэ. КПСС-м и ЦК-м и Парт школ нэхъыщхьэр къиухауэ Налшык къыгъэзэжри, ар щыІэжьащ адыгэ газетым и редакцэм. А гъэхэм кІыщыщІэдзауэ сэри ар нэхъыфІу къэсІыхуащ. ИужькІэ тІури дыщызэздзлажьащ «Ленин гъэзэг». Сыт хуэдэ Іэнатіэ къыхуамыгъэфэщами, Нурий ящыщт зи кьалэныр гурэ псэкІэ зыгъэзащІэхэм, кІэзетыр нэхъ гъэщІэгъуэн хъун папщІэ зи гуащІэ емыблэжхэм. Ар гупым яхэтт Іэдэбрэ сабыру. ЗыщІригъэхьу техьэулекІыртэкъым. Езыр кІэзетым и кьудамэм и унафэщІу щыщытхэм щыгъуи, къызэрыгуэкІ лэжьакІуэу щыплжьамэ гупым ящІэр ядищІащ.

А псоми кьадзкІуэу, Нурий усэ тхынри зэи ІэщІыб ищІакъым. Зи усыгъэхэр1942 гъэм дунейм къытехьэу хуежьа Щоджэнцыкіум и Іэдакъэм къыщІэкІауэ адыгэбзэрэ урысбзэкІэ къыдэкІащ тхылъ зыбгъупщІ. Абыхэм адыгэ литературэм щаІэ увыпІэм хуэфащэ пщІэ хуащІащ ди тхылъеджэхэм. ЖьпІэ хъунущ Нурий хуээфІэкІ псор и лъэпкъ щэнхабзэм хуищІауэ - и усыгъэ тхылъхэм, уэрэд тельыджэ хъуа и псалъэхэм, кІэзетым хуилэжьахэм нэмыщІ, Щоджэнцыкіум куэду зэридзэкІащ Совет Союзу щыта къэралыгъэшхэм щыпсэу лъэпкъхэм къахэкІа усакІуэ зыбжанэм я тхыгъэхэри. Абыхэм папщІи фІыщІэшхэр хуэфащэщ Нурий.

ЕлГЪЭР Кашиф,
КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ.

Щоджэнцыкіу Леонид и псалъэ.

«Дзапэ уэрэдыр зи дамэ»

• Пшыхьхэр

Аращ фІащар Кэнжэ къуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэм щекІуэкІа фэеплъ пшыхьым. Ар теухуауэ щытащ усакІуэ, журналист, зэдзэкІакІуэ Щоджэнцыкіу Нурий къызэралъхурэ илъэс 90 зэрыриІкъум.

ПШЫХЬЫР иригъэкІуэкІащ Урыс къэрал драмэ театрым и артисткэ БатІ Залинэ. Щоджэнцыкіу Нурий и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ зэхуэсахэм ягу къыщигъэкІыжьым, БатІым къыхигъэщащ лъэпкъ литературэм и набдзэ Щоджэнцыкіу Алий хиша лъагъуэм Нурии зэрыриІуар, адыгэбзэр хъумэным, зегъэужьыным абы хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуищІар, и усэхэм гупсысэрэ купщІэрэ зэращІэлъыр, абыхэм цІыхухэр фІым, захуагъэм, пэжыгъэм зэрыхуауащІир.

- Дэтхэнэ усакІуэми и хъуэпсапІэщ и усэхэр цІыхубэм яхьхьэу уэрэду кьигъэзэжыну. Ауэ Нурий и усэхэр зэращІу дзапэ уэрэду лъэпкъым къипхъуэтащ, ахэр цІыху гъащІэр зыгъэлъапІэ пшынальэщ. Абыхэм цІыхухэм я гур ягъэфІэрафІэ, гупсысэ нэху, ущие дахэ, гурыщІэ кьабзэ псэм нахьэс. Псалъэ гъущжкІэ уэрэдхэм тепсэлъыхьыгъуейщ. ГукІи псэкІи зыхэпщІэн папщІэ а уэрэдхэм уедэІуэн хуейщ, - жиІащ БатІым.

Зэхуэсахэр ирагъэдэІуащ Нурий и псалъэхэр зыщІэлъ «Сынпхуокіуэж», «Хэпльэ-хэкІыж» уэрэд цІэрыІуэхэм. Апхуэдэу цІыхубэм фІыуэ ялъэгъуа «ЛьагъуэгуафІэ» уэрэдыр зэдыжаІащ КъБР-м гъазджкэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Мамий Асльэнрэ Вындыжь Асхэррэ. Куэдым ягу дихьэ «Данэ бэлътоку» уэрэдыр кьиріхьэлІахэм я Іэгуауэм щІэту жиІащ Еуаз Азэмэт. Пшыхьым кьрихьэлІахэм я гукъыдэжым хигъэхъуащ пшынаэ Іэпщэ Дианэ.

Усакіуэм «Адыгэр фІыуэ фІыуэрэ льагъуэ», «Адыгэлі», «Аращ си хьупсапІэр», «Си псэр тыгъэ» зи пхуэщІынщ», «ЩІым кьытонэ», «Адыгэ пшынэ», нэгъуэщІ и усэхэми гъэхуауэ къеджащ еджакІуэхэр. Апхуэдэу ныжьыщІэхэм удихьэхыу ягъэуващ «Бранду» псысэм къытращІыкІа теплъэгъуэр. Абы роль нэхъыщхьэхэр щагъэззэщІащ БатІ Залинэрэ уэрэджьІакІуэ Къанкъуэ Ислъамрэ.

Бахьсэн район администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Аргъэщокъуэ Хьэсэн жиІащ Нурий усэ къэд и Іэдакъэ къызэрыщІэкІар, абыхэм я нэхъыбэр уэрэду зэрыжаІэр, урыс, украин, балъкъэр лъэпкъ тхакІуэхэм я ІэдакъэщІэкІхэр зэрызэридзэкІар, ахэр щІэблэм зэрахуэщхьэпэр, тхакІуэм и гуащІэм бахьсэндэхэр зэрыригушхэр.

Щэнхабзэмкіэ унэм и унафэщІым и къуэдзэ Балэ Людмилэ къыхигъэщащ пшыхьыр къызэрагъэпэщыныр зи жэрдэм Щоджэнцыкіу Леонид ар ирагъэкІуэкІынымкІэ къазэрыдэІэпыкъуар. Людмилэ жиІащ Нурий и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ илъэс зыбжанэкІэ школ программэм хьыхьэу зэрыригъэджар, псом хуэмыдэу и льагъуныгъэ усэхэм класс нэхъыжьхэм щеджэхэр зэрыдихьэхыр, цІыхубэ уэрэду куэдым кьалъытэу кьекІуэкІэхэм Нурий и псалъэхэр зэращІэлъыр.

Пшыхьым къыщыпсэлъахэм нэхъыщхьэу кьыхагъэщащ Нурий и гъащІэр Хэкум, лъэпкъ литературэмрэ щэнхабзэмрэ яхуэпэжьэным зэрытриууэар, гу кьабзэрэ псэ хьэлэлкІэ а Іэзэхуэм зэрыпэрытар, кьызыхэкІа лъэпкъым и гъащІэр насыпэ защІэу зыльагъуну щІэхъуэпс усакІуэм и гъащІэр щІэблэм я дежкІэ зэрыщапхъэр.

Щоджэнцыкіу Нурий и къуэ Вячеславрэ Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ фондым и унафэщІ Щоджэнцыкіу Леонидрэ фІыщІэ хуащІащ зэхьихьэ гуапэр кьызэзыгъэпэщхэмрэ пшыхьым кьрихьэлІахэмрэ.

Зэхьыхьэм хэтащ КъБР-м и цІыхубэ артист, уэрэджьІакІуэ Шумахуэ Хьэзрэ1ил, техникэ щІэныгъэхэм я доктор Зекіуэрей Асльэн, Нурий и благъэхэр, Іыхьлыхэр, и тхыгъэхэр фІыуэ зыльагъуэр, еджакІуэ цІыкІуэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Нурий и унагъуэр. *1954 гъэ*

И къуэ Вячеслав. *2007 гъэ*

Ипхъу Оксанэ. *2010 гъэ*

Щоджэнцыкіу Нурий и усыгъэхэр

Хысты цІыкІур нэпскІэ хощтыкІ

Хамэщ1 щыпсэу адыгэхэм яхуэхъ

1

Тенджыз ФІыщІэм и толъкъун быбхэр
Къыу быныбэу къыщэрохьэкІ.
Нып зэмыщхьхэр жьым дэбырыбу,
Кхъухь домбейхэр къыщэпрокІ.

Кхъухь домбейуэ Іуфэм къесылІэм
Хэзмыльагъуэ хъыкІыу хэкуэгъу.
Тенджыз зытхъэм сэ сыхуерелІэ,
СыщищІакІэ хьэдрыхэ егъу.

Хы адрыщІым сату щащІауэ
КІахэ кхъухьхэм къамыгъэзэж,
Тенджыз ФІыщІэм дэгу зафІищІауэ
Хъыбар щэхур имыІуэтэж:

Хамэ джатэм си лъэпкъ лажьэншэр
Зэхэзехуэ нызэрищІар,
Си сабийхэр екІуэлІапІэншэу,
Сыхьэт мыгъуэ ІуэзыгъэщІар!

- СыткІэ хуаншэ бгырыс тхьэмыщкІэр,
Тхьэ нэлатыр щхьэ къытехуа?
Жэуапыншэщ тхыдэр, тенджызыр,
БлэкІа щІэщхъум си гур ехузыр.

Тенджыз ФІыщІэм ниплкІэ сыхоплъэ,
Тенджыз лъащІэм сынэмыплъыс.
Толъкъуныжьхэр жьым зэщІегъаплъэ,
Зы толъкъуным толъкъун кІэлъос...

2

Хысты псыхъуэр кІахэ уэрэдхэм
Джэрпэджэжу къипэмыджэж,
Хысты псынэр нобэ къысфІощІыр
КІахэ фызхэм я нэпсу щІэж.

Жэнэт лъахэм и лъэпкъ щэджащэр
Сыт емынэ зыдэкІуэдар,
Къуданыбгыу щауэ нэ пІащэр
Хэт и щІасэ зытекІуэдар?

Ахъун бгыпэм хъытет чэщанэм
Къулъкъашхъэнхэр
къысфІощІыр ис.
А лІыхъжьхэр къэзылъхуа анэм
И гу мафІэм ноби сыкъес.

ЩІы фІыщІэжьыр къызэгуитхъауэ
И нэпс пщтырыр псы хущхъуэу щІож,
Хуитныныгъэ къэзызэуахэм
Я жьы узыр ирагъэхъуж.

Дунеижьыр-тІэ угущІэгъуншэщ,
ГъащІэ ІэфІым утфІыроджэгу.
Залымыгъэм илыпщІа лъахэм
Къыщагъэш щІэблэщІэм джэгу.

3

Тенджыз ФІыщІэм
и толъкъуныжьхэр
ЗэкІэлъхьэужьу жьэгъум щІобзае,
Хысты цІыкІум и гущІэ лъащІэр
Шыгъушыпс дыджкІэ къытхуегъэмае.

Кипарисхэр сыкъыу зэфІэту,
Ракетэпэу уэгу зыхуаший.
ЩысслъагъужкъыМ лІэху
къимыкІуэту
КІахэ хэкум уи цІыху Зэчийр.

Ди бий куэдым фызэбграхури,
Фи лъэпкъыщІэрщ къытхуэнэжар...
БамПІэ узыр фи гум дэхуауэ,
Дэнэ щІыпІэ хэщІапІэ фщІар?

Хьэмэ зыфщтэу фызэрыпльэпхъуу,
Толъкъун щІагъым фыщІыхьэжа,
Е залымыгъэм тенджызыжь
нэпкъым
Зырызыххэу фыщигъэжа?

Залымыгъэм зыщыбгъэпщкІуамэ,
Залымыгъэр мафІэм исащ,
Насыпншэ тхыдэм фищІамэ,
Дэ тхыдэщІэр ярытлъэІэсащ.

Прометеймэ и мыужьыс мафІэр
Ди жьэгушхуэм щызэощІэрыуэ,
Емышыжу лэгъупэжь-пщафІэр
ТхьэлъэІу шхынымныхуошэрыуэ.

Ди тхьэмадэм Іэщ1эту фалъэр
ХъуэхъуэкІ ыхьыу кьрегъэкІуэкІ.
Гъунапкъэншэщ ди насып пщалъэр.
Ныбжьэгъуэгъэм дещІыр зылъэкІ.

Дэ ди хъуэхъуэхэр щызэхэвмыкъІ,
Хысты цІыкІур нэпскІэ хощтыкІ,
Тенджыз ФІыщІэм и толъкъун
быбхэр
Зэрызохьэ, къызэрохьэкІ.

Сыщыхуейкъым зыри

ЯфІэунэ Абдул хузотх

1

Сыщыхуейкъым зыри мы дунейм,
СыткІи изщ си гъащІэр,
Сэ узейм,
Уэ сурейм -
Аракъэ насып лъащІэр?!

Сыщыхуейкъым зыри мы дунейм -
Си Хэку лъапІэ, уэр нэмыщІ.
Къэбэрдейр
Сэ узейм,
Сыту сщІыну сэ Щамыщ1.

Сыщыхуейкъым зыри мы дунейм,
СимыІэжьым си Хэку лъапІэр.
СыщыпІэнум
Къэбэрдейр
Схурехъуж сэ лІапІэ.

Сыщыхуейкъым зыри мы дунейм,
Сабэу уэ уи гъуэгу сытелъым,
Си дунейщ
Си пхъэмбейр
Адыгэщ1ым щІэлъым

Сыщыхуейкъым зыри мы дунейм,
ІэфІщ уи хьэуа кьабзэр,
Сыти жыІэ
Фыгъуэрейм -
Дахэщ дэ ди хабзэр.

УзимыІэм, суримыІэм,
Сыту сщІын дунейр?
Сэ жызоІэ зызымышІэу:
ЦІыху щыІэхукІэ, уэ сыпхуейщ -
Си Хэку лъапІэу Къэбэрдей!

2

Дзэл жыг щхьэкІэр щІыгум
ИрегулІыр хъущхьэтеуэм,
Жьы игъуэткъым си гум,
Уэ уи бамПІэр сэ къыстеуэм.

Тенджыз ФІыщІэм сызэрыплъым,
Слъагъукъым си Хэку Іуфэ,
Схулъэмыкіыу хамэ дыгъэм
Зэпхелыгъу си щІыфэ.

Тенджыз ФІыщІэр магъ, мэпыхьэ,
Иреупщ1 толъкъунхэр нэпкъым,
Зы кхъухь закъуи къыІумыхьэ
Хуэлыкіуэну мы си лъэпкъым.

Лъэпкъ гупсысэм сиубыдащи,
Абы сихьыпэнущ,
Мысыр щІыгум дикІуэдащи,
Хьэрып дыхьупэнущ.

Бухъар пыІэм и пІэ ферсыр
АдыгэлІым тесщ и натІэм,
Кхъухахакъым абы дерсыр -
Хаутэж ди хабзэр ятІэм.

Хьэрыпылъыр хэлъэдами,
Адыгэлъыр хъуакъым щабэ.
Ди гъащІитІыр быдэу зэпадами,
Гугъэ нэхуэхэм дагъэхабэ.

Ди Хэку дису, дызэхэсу,
СощІэ, бамПІэр тІуэтэжынщ,
Дэхуэхахэр дишэжыну
Кхъухь псы Іуфэм къыІухьэнщ...

Ноби йоджэ

Лъэпкъ литературэм хэлъхьэныгъэфІ хуэзыщІа, зи тхыгъэхэм щІэупщІэ яІэ тхакІуэ куэд къахэкІащ Щоджэнцыкіухэр. Апхуэдэхэщ Алий, Іэдэм, Нурий сымэ.

НУРИЙ УСЭ тхылъ зыбжанэ иІэщ. Абы и усэхэр, и «Бранду» псысэр школ программэм хэтщ. Апхуэдэу цІыхубэм фІыуэ ялъэгъуащ мы усакІуэм и псалъэхэр зыщІэлъ «Сынпхуокіуэж», «Адыгэлі», «Хэпльэ-хэкІыж», «Данэ бэлътоку», «ЛьагъуэгуафІэ» уэрэдхэр.

Щоджэнцыкіу Нурий и унагъуэм, и Іыхьлыхэм, ар зыщІыхуу щытахэм гуапэу ягу кьинэжащ.

- Зи адэр пасэу зыфІэкІуэда зэкъуэшищым гъащІэм гугъуехь куэд щалъэгъуащ. Нурий кьеьэлъэкІащ ятІонэрэ ящІыкІэ и адэр, иужькІэ и къуэш нэхъыщІитІыр зэрыфІэкІуэдар. Сабийхэм гуапэу яхущытт, си къуэ цІыкІур ещІэлъеІуэ фІыуэ кьилъагъурт, шыпсэ, хьыбарыжь куэдым щІигъэдэІурт, - жеІэ Нурий и къуэшым ипхъу Щоджэнцыкіу Лусэ. - Кьыжьыапхъэщ, Нурий щІэныгъэфІ бгъэдэлъу, гъащІэм и лъэныкъуэ куэдым хищІыкІыу зэрыщытар. Ар адэ кьуэш гумащІэу, цІыху гуапэу сигу кьинэжащ. И уэрэдхэр цІыхухэм ягу дихьащ. Ар нобэ кьыІэзрытхэмытыжыр хуабжьу дигу кьоуэ.

- Си адэр цІыху зэпІэзэрыт, Іэдэбт. ЦІыхум апхуэдэу яхьыхьэу щытакъым. Сыт щыгъуи унагъуэр япэ иригъэщырт, - жеІэ и къуэ Вячеслав. - Оксанэрэ сэрэ дызыхуей дыхуигъэныкъуакъым, адыгэ хабзэм дыщІиПІыкІащ.

ТхакІуэ щэджащэр и Іыхьлыхэм, и благъэхэм, ар къэзыщІыхуу щыта псомкІи ягу кьинэжащ. Нурий и тхыгъэхэм цІыхухэр еджэху, и уэрэдхэр жаІэху ящыгъупщэнукъым.

БЖЬЫХЬЭЛІ Розэ.

Пхузощ1 фІыщІэ

Сыхэбнакъым лъагъуныгъэм,
Гъащ1э.
Къэзбгъэщ1ащ и Іэфіыр гугъэм,
Гъащ1э.

Сыхэбнакъым насыпышхуэм,
Гъащ1э.
Къыізэптащ къару тегушхуэ,
Гъащ1э.

Сыхэбнакъым уи гущІэгъуэм,
Гъащ1э.
СебгъэщІакъым егъу жагъуэгъуэм,
Гъащ1э.

Сыхэпхащ узыншэу зауэм,
Гъащ1э.
Щщхьэщыт1ащ уи ныбжьыр жьауэу,
Гъащ1э.

Сыхэбнакъым Іейми фІыми,
Гъащ1э.
ФІыр нэхъыбэу схьащ си гъащІэр,
Гъащ1э.
Пхузощ1 фІыщІэ абы папщІэ,
Гъащ1э.

Жьым фымыщІ и жагъуэ

Жьы хъуа цІыхур тэмакъкІэщІщ,
Нэхъ кІэщІыжуи къегъэзэж.
Мащ1э тІэкІуми игу хегъэщІ -
ФІегъэкІуэдыр гукъыдэж.
Кхъыіэ, жьым фымыщІ и жагъуэ!

Жьы хъуа цІыхур сабий инщ,
Хьэлу епткІэ, пхуэмыундэІу,
Мэхъу кІуэтэхукІэ нэхъ кьиин,
ЦІыхухэ, хуабжьу сыводІэлІу,
Кхъыіэ, жьым фымыщІ и жагъуэ!

Жьы хъуа цІыхур гупсысэхщ,
ЗэринэкІыр фІэкІуэдащ.
Псалъэ дахэр бамПІэдэхщ,
Жьыр гуфІэным хуейкъым куэд,
Кхъыіэ, жьым фымыщІ и жагъуэ!

Жьыгъэр хэти кьыпэщылъщ,
Ар нэфІ-нейкІэ ямыгъэщ,
Дыхуэмейуэ ди щІыб дэлъщ,
Кьытхигъэхьэу куэдрэ хуэщ...
Кхъыіэ, жьым фымыщІ и жагъуэ!

Ди газетым зэрытетащ, къамылым къыхэщIыкIа адыгэ цIыхубэ Iэмэпсымэхэм еуэхэм я япэ щIыналъэ фестивалыр Мейкъуапэ, Налшык, Черкесск щекIуэкIащ.

Лъэпкъым и фIыгъуэ мылъытэ

● Гъуазджэ

КъАМЫЛАПЩЭХЭМ я зэхьхьэхэр махуищкIи екIуэкIащ. Фестивалым цIыху куэд кьекIуэлIат. Ар Адыгэ Республикэм и къалащхьэ Мейкъуапэ щаублэри, Iуэхум Налшык и Къабэрдей къэрал драмэ театрым щыпащащ.

Iуэху дахэр къыхэзгъэпэщащ Адыгэ Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ «Жьыу» Iуэрыlуатэ ансамблымрэ, Адыгэ Республикэм цIыхубэ щэнхабзэмкlэ и Iуэхущапlэр, АР-м гъуазджэхэмкlэ и сабий школыр, Лъыцlэрыlуэ Ким и цIэр зезыхьэр, Адыгэ къэрал университетым адыгэбзэр щрагъэдж и центрыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэ-методикэ республикэ Iуэхущапlэр, «Ored Recordings» (КъБР) гупыр, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыхубэ щэнхабзэ центрыр, Черкесск къалэм щэрджэс щэнхабзэмкlэ и «Хьэщlэщ» клубыр я дэIепыкъуэгъуу.

Фестивалым и къызэгъэпэщакIуэ гупым и унафэщIщ Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкlэ и министр **Къуп Мухьэмэд**, абы и къуэдзэхэщ АР-м гъуазджэхэмкlэ и сабий школым адыгэ цIыхубэ Iэмэпсымэхэмкlэ и «Жьыу» ансамблым и художественнэ унафэщI **ГъукIэ Замудинрэ** гъуазджэ щIэныгъэхэм я кандидат, гъуазджэхэмкlэ сабий школым и унафэщI **Анзорыкъуэ Марзиетрэ**. Iуэхур даIыгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм Щэнхабзэмкlэ я министерствэхэм.

Пшыхьыр иригъэкIуэкIащ ГъукIэ Замудин. Абы къыхигъэщащ къамылапщэхэм я зэхьхьэр шыкIэпшынауэ Iэзэ КIыкI Ас1ъэнбэч къызэралъхурэ илъэсищэ зэрырикъур щагъэзылапlэм зэрырагъэхьэлIаи.

- Къамылыр адыгэм ижьижьыж лъандэрэ къыдэгъэзгурыкIуэ, я гуфIэгъэцэ зэрагъэдахэ, я нэщхьеиныгъэри зыхозыгъащIэ макъамэ Iэмэпсымэщ. Адыгэ Iуэрыlуатэм къыхощыж къамылыр нарт Ашэмэз и Iэмэпсымэу зэрыщытар. Иужькlэ ар Къущхьэхъу хьунIэм ит мэлыхьэжьхэм я Iэпэгъу хьуащ. Къыжьыlапхъэщ цIыхубэ уэрэдхэм ящыщ зыбжанэр ди зэманым къызэрысар къамылым зэрифIыгъэр, - къыхигъэщащ ГъукIэм. - Ди лъэпкъым и щхьэм кьриклуа гузэвэгъуэм и зэранкlэ къамылыр куэдым ящыгъупщэжащ. Пшынэм, шыкlэпшынэм хуэдэу, къамылри къэдгъэщIэрэщIэжыну, абы щIэблэр дедгъэхьэхыну дыхущIокъу. А Iэмэпсымэр къэзыщтэжауэ еуэ щIалэхэр нобэ ди мащIэкъым. Ар и щыхьэтщ къамылым зрагъэужьыжыну яужь зэритым, языныкъуэхэм я гупэ абы зэрыхуагъэзэжам.

Зэхьхьэ гуапэм хэтащ къамылапщэхэу Нэгъуей Заур, Iэгуей Наурыз, Бекъан Бетlал (Налшык), ГъукIэ Замудин, Нэджэрокъуэ Къазбэч, Джатэжь Аслъэн, Стlащ Мадин, Юсуп Заур (Мейкъуапэ), Ашэбокъуэ Азэмэт, КIытlэ Тимур (Черкесск сымэ). Къыхэгъэщыпхъэщ Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъу къамылапщэхэри мы Iуэхум зэрыхэтар, иджыпей техникэр къагъэсэбэпу. Абы и фIыгъэкIэ фестивалым кьрихьэлIаxэм Iэмал яIащ Тыркум и Анкарэ къалэм щыщ адыгэ къамылапщэжми а Iэмэпсымэм кърагъэкI макъамэм едэIуэну. ЩIалэхэр чэзууэ къамылым епщащ, фIыуэ ялъагъу пасэрей цIыхубэ уэрэдхэм я макъамэхэр гум хьихьэу кърагъэкIыу. Псом хуэмыдэу гухэхъуэт шыкIэпшынэмрэ къамылымрэ зэщIэжьыгъуэ ягъэIуа макъамэхэм, пасэрей кьафэжьхэм уедэIуэну. Абыхэм лъэпкъым и тхыдэм ухашэрт, блэкIар уи нэгу къыщIагъэувэу.

Фестивалым щагъэлъэгъуащ Мейкъуапэ и журналист Кушу Светланэ къамылым, абы и тхыдэм, ар къызыхащIыкIым, зэрагъэхьэзырым, а Iэмэпсымэр иджы къэзыгъэщIэрэщIэжхэм ятеухуауэ игъэхьэзыра фильмыр.

КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** пасэрей макъамэ Iэмэпсымэр - къамылыр - зымыгъэкIуэдыж, ар къэзыгъэщIэрэщIэж щIалэхэм фIыщIэ яхуищащ икIи щIыкъ тхыпхъэр яритащ.

Фестивалыр Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и къэрал филармонием щызэхуащIыжащ. Абы къыщызэрагъэпэщащ адыгэхэм я щэнхабзэм, я псэукIэм ухэзыгъэгъуазэ гъэлъэгъуэнигъэ.

Iуэхур къыхэзыльхьахэм я мурадыр пасэрей цIыхубэ макъамэ Iэмэпсымэхэр къэгъэщIэрэщIэжыныр, абы щIэблэр драгъэхьэхынырщ.

Дыщыгугъынщ ар абыхэм кьехъулIэну, пасэрей макъамэхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ лъэпкъым ихьуманэу, абыхэм дахьэхэхэм, зезыгъэужьхэм я бжьигъэм дяпкIэ къыхэхъуэну, а щэнхабзэ хьугъуэфIыгъуэхэм гулъытэ нэхъыбэ хуащIыну.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Литературэм и илъэс

«Еплъ зэ усакIуэнэкIэ дунейм...»

Ар и фIэщыгъуэ Кэнжэ къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм пшыхь гуапэ щекIуэкIащ. Усыгъэм и дунейпсо махуэм трауХуауэ. Зэхьхьэр къыззэригъэпэщащ Щэнхабзэмкlэ унэм и унафэщIым и къуэдзэ Балэ Людмилэ.

ПШЫХЬЫМ къекIуэлIащ республикэм и школ зыбжанэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджхэмрэ усэр фIыуэ зылъагъу я гъэсэнхэмрэ.

Балэ Людмилэ пшыхьыр къызэIуиха нэужь Усыгъэм и дунейпсо махуэм и тхыдэм къытеувыIащ.

- Гъатхэпэм и 21-р Усыгъэм и дунейпсо махуэу ЮНЕСКО-м 1999 гъэм игъэуващ икIи ар дуней псом щагъэлъапlэ, Щэнхабзэмкlэ унэхэм, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхущапlэхэм пшыхьхэр, усакIуэхэмрэ тхылъеджэхэмрэ я зэIущIэхэр, концертхэр къыщызэрагъэпэщ. А махуэр ялъ дыдэу Париж щагъэлъэпlащ. Усыгъэм цIыхум и гурыгъуэ гурыщIэхэр къеIуатэ, и псэр епсыхь, егъэкъабзэ. А махуэр щIагъэува щхьэусыгъуэхэм ящыщщ тхылъ тедзапIэхэм, библиотекэхэм, литературэ зэгухьэныгъэхэм, Щэнхабзэмкlэ унэхэм къыщызэрагъэпэщ лэжьыгъэхэр егъэфIэкIуэным гулъытэ хэха хуэщIыным, - жиIащ абы.

Кэнжэ къуажэм дэт курыт школ №20-м щIэс Пыл Аделинэ, Налшык къалэм и гимназие №13-м щеджэхэу Аброкъуэ Инессэ, Шэру Залинэ, Джэрмэншык къуажэ школым и еджакIуэхэу Пщыхьэщlэ Миланэ, Молэ Миланэ, Чернявская Миланэ сымэ кьеджащ усакIуэхэу Тхьэгъэзит Зубер, Iутlыж Борис, КIыщокъуэ Алим, Къанкъул Риммэ, Мыкъуэжь Анатолэ сымэ я IэдакъэщIакIэм. Нарткъалэ и курыт школ №2-м щIэс Къэжэр Залинэ Щоджэнщlыкlу Алий и «Мадинэ» поэмэм щыщ пычыгъуэ кьеджащ икIи «Мадинэ» оперэм и ариери удихьэхыу игъэзащIащ.

Налшык къалэм и курыт школ №25-м и егъэджакIуэ Сэрахъэ Людмилэ Вындыжь Марие и зы усэрэ езым адыгэбзэм теухуауэ итхамрэ кьеджащ. Джэрмэншык къуажэ школым и егъэджакIуэ Иуан Жаннэ Iутlыж Борис и усэрэ езым «Iуащхьэмахуэ» журналым хуитха усэмрэ кьеджащ. Нарткъалэ и лицей №2-м и егъэджакIуэ Хъуэст Фатlимэ кьеджащ КIуащ БетIал и «Сызыщышынэр зыщ» усэмрэ езым зэхилъхьа «Иджырей кьебжькI» тхыгъэмрэ. Хьэтlохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм къыхилъхьа къэщIэрейкэмрэ гушыIэрейкэмрэ я «Джэгурэш» зэпеуэм хэта еджакIуэхэми классщIыб дерс зыт егъэджакIуэхэми мызэмыгIэу мы тхыгъэр къагъэсэбэпами, мащIэщ ар Хъуэст Фатlимэ и Iэдакъэ къызэрыщIэкIар зыщIэр. Зи гугъу тщIыр гурыIуэгъуэ хъун папщIэ, куэдым ягу ирихь тхыгъэр фи пащхьэ идолхьэ:

- Ей, си адыгэбзэ, улъэщ-улъэщ?
- Ахьейми сылъэщ!
Ди нартыжьыбэм саIурылъакъэ,
И хъугъуэфIыгъуэр флъэзгъэIэсакъэ!
- Уа, си адыгэбзэ, улъэщ-улъэщ?
- Ауэ сытми сылъэщ!
Лъэпкъ Iуэрыlуатэм зезгъэужьакъэ,
И къулеягъэр сэ фхуэсхъумакъэ!
- И, си адыгэбзэ, улъэщ-улъэщ?
- Дауэ сымыльэщынрэ!
Блэкlа лIэщIыгъуэхэм ди уэзщIакIуэхэм
Сэ алыфбейри схуэзэкалъхьакъэ!
- Ей, си адыгэбзэ, улъэщ-улъэщ?
- Ахьейми сылъэщ!
Кавказ зауэжьым сэ сыкъелакъэ,
И пэжыпIэри фхуэсIуэтэжакъэ!
- Уа, си адыгэбзэ, улъэщ-улъэщ?
- Ауэ сытми сылъэщ!
Совет властым и зэманыщIэм
Адыгэ тхыбзэр зэфIэувакъэ!
- И, си адыгэбзэ, улъэщ-улъэщ?
- Дауэ зэрылъэщынур
«КъалэкIыхьым уфIэзымыгъэкI бзэр»?
- Ей, ди адыгэбзэ, ахьейми улъэщ.
Дэ щIалэгъуалэр хуабжьу дыпхуейщ.
Дэ уэ удинэщ, дэ уэ утщIыгъум!

Зэхьхьэм хэтхэр ирагъэдIуэащ Щомахуэ Хьэсэнбий и «Хэкужь макъ» (псалъэхэр зейр Бжэныкlэ Мухьэбщ), Бэрэгъун Владимир игъэзащIэ «Андемыркъан» уэрэдхэм.

Кэнжэ къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм и унафэщI Мамий Заретэ, а Iуэхущапlэм и лэжьакIуэхэу Мамий Аслъэн, КъанкъулИслъам, Вындыжь Аскэр, БатI Залинэ, Пщыхьэщlэ Пилэ, къуажэ библиотекэм и унафэщI Бэрэгъун Жаннэ сымэ кьеджащ Бицу Анатолэ, Бещтокъуэ Хьэбас, Ацкъан Руслан, Къагъырмэс Борис сымэ я усэхэм.

Зэхьхьэм хэта егъэджакIуэхэм къагъэлъэгъуащ усэм и мыхьэнэм, абы гъащIэм щыубыдэ увыпIэм ятеухуа я Iуэху еплъыкIэхэр.

БЖЬЫХЬЭЛI Роззэ.
Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

КъызэгъэпэщакIуэхэмрэ зэпеуэм хэтахэмрэ.

● Футбол

Щхьэж и гъэтIылъыгъэр къыщибжыж зэман

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» зонэм 2014 - 2015 гъэхэм я зэхьэзэхуэр Iыхьитlу зэщхьэщыхьауэ щокIуэкI. Иджыри къэс яубзыхуащ ятеухуа щIыналъэ щIэбэныныхэмрэ зыхэт гупым къыхэнэн папщIэ ныкъуэкъуэнухэмрэ.

ЕтIуанэ дивизионым и «Ипщэ» зонэм хэт командхэр гупитlу гуэшауэ зэпеуэр ирагъэжьащ. Дэтхэнэми пщыкIуэ-пщыкIуэ хэтт, арщхьэкIэ Къурымым къикIаxэр хагъэкIыжа иужькlэ ятпэм къэнэжар 8-щ.

Зэхьхьэхэм и ятпэ Iыхьэм ипкъ иткIэ дэтхэнэ гупми я командэ нэхъыфIихым ятпэ дивизионым кIуэ гъуэгур къыхуэзIуахащ. Абы щыгъуэми зэпеуэм щIэрыщIэу щIидзажьнукъым. Ятпэ Iыхьэм щагъэбелджыла командэ нэхъыфIихым езыхэр щызэздзджэгуам кьрикIуа бжьигъэхэмрэ кьахьа очкохэм я куэдагъымрэ кьахуэнэжащ. Ахэр зэхагъэувэжа иужькlэ Новороссийск и «Черноморец»-м бжьыпэр иубыдащ. Абы очкоищкIэ къыкIэроху Дыщэкl Хьэзрэт зи тренер нэхъыщхьэ Крымск и «Витязь»-р. «Спартак-Налшыкыр» зэкIэ етхуанэщ. Налшыкдэсхэм я «дыщэ гъэтIылъыгъэхэр» кьриклуащ «Ротор»-мрэ «Таганрог»-мрэ тIорытIэ зэрытекIуауэ щытам, МИТОС-р зэ зэрыхигъэщIам, «Динамо»-мрэ абыр зэрызэтемыгъэкIуам. Псори зэхэту очко 16. Налшыкдэсхэм я гъэтIылъыгъэхэм зыри хигъэхъуакъым зэхьэзэхуэм и ятпэ Iыхьэм хьихьэ зэIущIитlми ди щIалэхэр кьыщыхэзыгъэщIа «Мэшыкъуэ-КМВ»-м.

Аращи, мэлыжьыхьым и 9-м зэхьэзэхуэм и етIуанэ Iыхьэм щIедзэ. Абы и мыхьэнэр куэдкIэ зэрыныхъ иным шэч хэлъкъым. ЗэIущIэхэри гуащIэу екIуэкIынущ, гупитlым я командэ нэхъыфIхэр зэрызэпэщIэуавар къэплъытэмэ. Хьэбар зэрывэдгъэщIащи, «Спартак-Налшыкым» и ятпэ хьэрхуэрэгъуащ Краснодар крайм хьихьэ IэфIыпс жыларгъуэм и командэ дзэрызехьэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» зонэм 2014 - 2015 гъэхэм я зэхьэзэхуэм и етIуанэ Iыхьэр щIидзэным и пэ къихуэу

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Черноморец» (Новороссийск)**	**10**	**6**	**3**	**1**	**19-9**	**21**
2.	«Витязь» (Крымск)	10	6	0	4	13-14	18
3.	«Торпедо» (Армавир)	10	5	2	3	18-14	17
4.	«IэфIыпс» (IэфIыпс)	10	5	2	3	10-9	17
5.	**«Спартак-Налшык» (Налшык)**	**10**	**5**	**1**	**4**	**12-12**	**16**
6.	«Динамо-ГТС» (Ставрополь)	10	4	4	2	11-8	16
7.	МИТОС (Новочеркасск)	10	4	3	3	10-6	15
8.	«Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ)	10	4	3	3	12-11	15
9.	«Таганрог» (Таганрог)	10	3	3	4	7-9	12
10.	«Ротор» (Волгоград)	10	2		6	9-15	8
11.	«Дружба» (Мейкъуапэ)	10	2	2	7	9-14	7
12.	«Биолог-Новокубанск» (Новокубанск)	10	2	1	8	9-18	6

● КъБР-м и прокуратурэм

Лъабжьэ гуэри ямыIэу

Дзэлыкъуэ районым и прокуратурэм щIналъэм и цIыхухэр нэхъыбэ дыдэу зыхуэныкъуэ хущхъуэхэм я уасэр зыхуэдизыр къипщытащ.

АБы белджылы къищIащ зи гугъу тщIы хущхъуэхэр аптекищым нэхъ лъапIэу зэрыщащар.

Дзэлыкъуэ районым и прокуратурэм къэпщытэныгъэм кърикIуахэм ятеухуа административнэ Iуэху къыIэтащ УФ-м и КоАП-м и 14.6-нэ статьямкIэ (уасэхэм хуагъэува пщалъэхэм зэрыщIагъуам папщIэ). Iуэхур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкlэ, тарифхэмкlэ, псэуплIэ кIэлъыплъныныгъэмкlэ и къэрал комитетым хуагъэхьащ унафэ трищIыхьын папщIэ.

КъБР-м и прокуратурэ.

Гъатхэ-гъэмахуэ лъэхъэнэм, хьэуам иIыгъ хуабэм зэрыхэхъуэм къыхэкIкIэ, псэуплIэ унэхэм, щIапIэхэмрэ хадэ кIуэцIэхэмрэ ирагъэувэ егъэзэщхэмрэ ухуэныгъэ цIыкIуэхэмрэ мафIэр нэхъ щIэнэгъуафIэ ещI. Удз гъужьакъэмрэ пхъэнкIиймрэ щызэтрихьа унагъуэ хадэхэр, мэкъумэш щIапIэхэр, нэгъуэщIхэри лыгъэр нэхъ зыхуэлъэ щIыплIэхэм ящыщщ.

МафIэм фыхуэмыбэлэрыгъ

● Абы дегъэпIейтей

НАСЫПЫНШАГЪЭ къыщIэхъу щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм хабжэ экономикэм пыщIа объект зэмылIэужьыгъуэхэм я администрацэхэмрэ цIыхухэмрэ мафIэс къэмыгъэхъуныкIэ щыIэ хабзэхэр зыгъэзэрыгъэпэудыр. Зэраныгъэшхуэ къэзэрышэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ мафIэм зыкъыщыдэзщIиIэтэ щыплIэхэм цIыхухэм и чэзум гу зэрыльамытэр, къэхъуькъащIэ шынагъуэм зэребэнын Iэмэпсымэхэмрэ псыкIэ жылагъуэ псори ирикъуу я къэзэрыгъэ хуащIэ псори ирикъуу я къэзэрыгъэ мыгъэпащар, мафIэсгъэункIыфI гупгъэр зэрамыIэр, нэгъуэщIхэри.

УФ-м Къэзэрымыкlуэ щытыкIэхэмкlэ и министерствэм и къудамэу КъБР-м щыIэм иджыблагъэ зэбгрыгъэха тхыгъэм щыгъэбелджылащ гъатхэ-гъэмахуэ лъэхъэнэм мафIэс къэмыгъэхъуным хуэгъэзауэ Iуэхущапlэхэмрэ цIыхухэмрэ япэу ирагъэкIыжьын хуей лъэкIыжьэр. Абыхэм ящыщщ предприятэхэм, псэуплIэ унэхэм кьегъэщIылIа щIы Iыхьэхэм, хадэ кIуэцI ухуэныгъэхэм я Iэгъуэблагъэм щызэтрихьа пхъэнкIиймрэ удзыпхъэмрэ Iутlыжьбзыкlынымкlэ щIыкъэхуэр къызэгъэпэщынымрэ, абыхэм щызэщIакъуа куэнщыбыр абы хуэхэа щIыплIэхэм ирашэлIэнымрэ, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я Iэшэлъашэм пхъэнкIиймрэ удз итырыгъуэхэмрэ мафIэ езыдзэкIэ ар хуамыдэжьыр, гъэсныпхъэ кIэрыхубжьэрыхуэхэмрэ куэншыбымрэ контейнерхэмрэ ашыкхэмрэ щызэхуахьэсыныр, ахэр идзыплIэхэм ирашэлIэныр, мафIэсыр зэрагъэункIыфI псым и хъумапIэхэр кьабзэу зэрахьэныр, ар кьызэдыхаш щIыплIэхэм я екIуэлIапIэхэр уб1эхуныр, нэгъуэщIхэри. Гъэгугъэр щызэхуащI зэманым абыхэм кьызэрыпакIухьыну щIыкIэр, апхуэдэуи зэрагъэзэхуэж щIыплIэхэм я щхьэдэхьапIэхэмрэ псы екIуэлIапIэхэмрэ ягъэнэIуэн хуейщ.

Абыхэмрэ пэублэу зэфIагъэкIыпхъэ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэмрэ гъатхэ-гъэмахуэ лъэхъэнэм цIыхухэм я гъащIэр, узынщагъэр, мылъкур мафIэсхэм щахъыжьнущ.

МАХУЭКЪУЭ Зауркан.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьэкlэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщlэпыдэж Замирэ, Хьэжьыкъарэ Алик, Щхьэцэмыщl Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжьыр редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущапlэхэм я ядолжэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкlэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкlэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапlэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ Iэ ахэр Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъу КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаущхъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэныжьмкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къашокъуэ Элэ, редактору Щомахуэ Залинэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Мырзэкъан ФатIимэ** *(2, 3-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепIэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.248 ● Заказ №573